Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 32 (6552) 26 июнь 2017 с. Итни Шаввал 1438 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИЯЛ

## Баркула КIалбиччанкъо!

**ХIурматиял районцоял, диналъул вацал ва яцал!**

**Баркула нужеда нилъеца хIурматияб куцалъ, цоцаздаса разилъиялъул ахIвалхIалалда нухда регIулеб КIалбиччаялъул гIид!**

**Аллагьас ккурал кIалалги гьабураб гIибадатги аза-азариде бахинабун, къабул гьабеги. Рамазан моцIалъул баракатги нилъеда тIаса унгеги. ТIаде-тIадеялъулги Аллагьас рамазан моцI, балагь-къварилъиялдаса цIунун, тIаде щваги, гьеб тIадегIанаб даражаялда тIобитIизе тавпикъги кьеги. Амин!**

**Гьарула щивасе талихI, рохел, икъбал.**

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

## Баркула Россиялъул гIолилазул къо!

**ХIурматиял бакълъулазул гIолилал, бахIарчиял умумузул ирсилал!**

РакI-ракIалъ баркула Россиялъул гIолилазул къо. Нужер лъаялда, творческияб хIаракатчилъиялда, жигаралда бараб буго нилъер ВатIаналъул жакъасебги, букIинесебги, халкъалъул рухIиябги материалиябги бечелъи.

РакIчIараб буго районалъул экономика, маданият цебетIезабиялъулъ нужеца хадубккунги мустахIикъаб бутIа лъезе букIиналда.

Гьарула нужее сахлъи, цIалулъ, хIалтIулъ бергьенлъаби, гIумруялъулъ икъбал ва талихI.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

ЦЕБЕТIЕЯЛЪУЛ НУХДА

## Бакълъулазул район – лъикIазул кьерда

**Социалиябгун экономикияб рахъалъ церетIурал районазда гьорлъ рехсана исанаги Гумбет рай-**

**Дагъистан Республикаялъул ва территориалияб цебетIеялъул министерстволъ 2017 соналъул 15 июналда № 38 –од, тасдикъ гьаруна муниципалиял районазда ва шагьаразул округазда социалиябгун экономикияб цебетIеялъул рахъалъ ккарал хIасилал. Дагъистан Республикаялъул бищун цебетIураб 6 муниципалияб районалда гьоркьоб буго Гумбет район. КIиабилеб сон буго район церетIуразул кьерда бугелдаса.**

ХIасилал гьоркьор лъолаго «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас** абуна, 2014 соналъул 6 маялда Дагъистан Республикаялъул хIукуматалъ къабул гьабураб, социалиябгун экономикияб цебетIеялъул хIасилал лъикIлъизариялъул хIакъалъулъ № 208 абилеб хIукмуялда рекъон, районалъул киналго отделазда цебе масъала лъун букIанин хIукмуялъул щибаб пункт 120 процентал-даса гIодобе ккезе течIого тIубазабизе ккеялъул масъала.

«Щибаб идара лъикI хIалтIиялъул хIасиллъун ккола, социалиябгун экономикияб рахъ цебетIурал муниципалиял районазда гьоркьобе нилъер район кIиабилеб сонал ккей, амма нилъер ресал руго 2017 соналъ жеги цIикIкIарал хIасилал росизе», - ян абуна ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас.

**«Гумбет» РИО**

РАКЪУЛ, БУГОЛЪИЯЛЪУЛ, ТРАНСПОРТАЛЪУЛ НАЛОГАЛ...

## Налогал кьеялдалъунги борцуна районалъул даража

**Гумбет районалда гьоркьоб лъуна налогал ракIариялъул планал тIураялъул суал**

**Гумбет районалъул администрациялда данделъи тIобитIана ва гьоркьоб лъуна налогал ракIариялъул план тIубаялъул хIакъалъулъ суал.**

Данделъиялда гIахьаллъана Федералияб налоговияб хъулухъалъул районазда гьоркьосеб № 12 инспекциялъул вакилзаби, нухмалъулев **МухIамаднаби Набиевасул** бетIерлъиялда. Гьенире ахIун рукIана учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел, росабазул поселениязул бутIрул ва гьезул заместителал, гьединго районалъул администрациялъул жавабиял хIалтIухъаби.

Данделъи бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев **ХIайбула ГIабдурахIмановас.** Гьес кIвар буссинабуна налогазул щибаб тайпаялъул планал тIуразе ккеялде, росабазул поселениязул администрациялги территориалиял отделалги цадахъ рекъон, планал тIуразариялда тIад хIалтIизе хIажат букIиналде.



Хадув кIалъазе вахъарав МухIамаднаби Набиевас бицана щибаб росдал поселениялда ракьалдаса, буголъиялдаса, транспорталдаса налог бакIариялъул, 2017 соналъул налоговиял ва налоговиял гурел доходал тIураялъул бугеб хIал. КIвар буссинабуна гьеб хIалтIи лъикI инелъун, районалъул бакIалъулаб самоуправлениялъул органазулгун цадахъаб хIалтIи гIуцIизе ккеялде.

Гьоркьоб лъураб суалалда тIасан кIалъазе рахъана налоговияб хъулухъалъул хIалтIухъаби **МухIамад ДаидхIажиев, Абубакар ГIабдулаев, МухIамад МухIамадов, Асият ГIумарахъаева,** районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **РурухIма Халидов,** «Село Килятль» росдал поселениялъул администрациялъул бетIер **АхIмад Каримов,** «Село Верхнее Инхо» росдал поселениялъул администрациялъул бетIер **МухтарахIмад МухIамадов.**

Ахиралда хIасилазулаб кIалъаялда ХIайбула ГIабдурахIмановас данделъиялда гIахьаллъарал ахIана налогал ракIариялде жавабчилъигун ралагьизе, бичIчIизабуна налогал ракIариялъул планал тIурай муниципалиял гIуцIабазул хIаракатчилъиялъул аслияб бутIалъун кколебълъи. «Муниципалитетги налоговияб хъулухъги цадахъ рекъон хIалтIани, нилъер цебетIей букIине буго» - ян тIадежубана ГIабдурахIмановас.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Министерстволъ гIарац кьола лъимал роол лагеразде ритIизе

-2 гъум.



МелъелтIаса Сахратула МухIамадов

-3 гъум.



Медикияб хъулухъалъул макъам борхизелъун

-3 гъум.



Дуца гъудуллъун кколе квер гIатIидаб «Гумбет» газета

-4 гъум.

**Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.**

Инхоса ПIали-хIажи

№ 32 26 июнь 2017 с.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# ЖамагIаталъул газа нухдаги рекIуна

### МелъелтIа – Щабдухъ – ИчичIали нух къачIана

**«Сельсовет "Цунди-Щабдухский"» росдал поселениялда гьорлъе кколел Щабдухъ, ЦIунди, ИчичIали росабалъе нух цIадал ранщинахъе ва нухлул ракьанлъабадасан иххал ине рахъал гьечIолъиялъ, автотранспорт хьвадизе санагIалъи гьечIеб хIалалде кколаан.**

Гьеб хIалалдаса рорчIизелъун, гьел росабазул гIадамаз кумек гьарана ракьцояв, предприниматель МухIамад Дибировасдасан. Гьес къуна ункъго метр халалъиялъул 15 рогIоро. «Щабдухъ ва ИчичIали росабазул гIадамаз ихх ине рогIрал лъеялъул хIалтIи жидецаго мухь босичIого гьабизе тIаде босана. Росдал поселениялъул администрациялъул бетIерасул заместитель Мавлидин Мурадовасул нухмалъиялда, къокъаб болжалалда лъим жанисан ине рогIрал лъуна 15 бакIалда, кIалбиччаялъул гIидалъул къо тIаде щвелелде», - ян абуна «Гумбетовское ДЭП № 10» ОООялъул нухмалъулев ГIалимчилав ГIалимчилаевас. Мавлидин Мурадовас абуна нухазда хIалтIи гьабиялда жиграб гIахьаллъи гьабунин жиндирго КАМАЗ машинагун Щабдухъа ГIиса ГIубайдулаевас, гьединго НурмухIамад Нурудиновас, ХIизбула Ордашовас, ХIажи ХIажиевас, МухIамад ХIажиевас, Султанбег Мурадовас, Рамазан Нурудиновас, ГIусман ГIумаровас, ИчичIалиса ИсмагIил Ибрагьимовас, ХIажи Ханахъаевас, ГIумар Асадулаевас.

МухIамад Дибировас кидаго кумек гьабула росдал гIадамазе социалиял масъалаби тIуразариялъе. Цебеги гьес нухазда хIалтIизе бульдозер къун букIана, ИчичIали росулъе лъим бачарал рогIрал къачIана, гьабула гIарцудалъун кумекги. Росдал гIадамал гьесул тIалаб-агъазалдаса роххун руго ва баркала кьола.

«Щабдухъ, ИчичIали росабалъа гIатIиракьалде гочарал гIадамазул къадар 70 проценталде бахуна. КIалбиччаялъул гIидалъул къоялъ зияраталь жидерго гIагаразул хабаде щвезе гьел магIарухъе рачIуна. Нух къачIаялъ, автотранспорт хIинкъи гьечIого хьвадизе рес къуна», - ян абуна бегавул АхIмад Набигулаевас.

**Гумбет» РИО**

СИЯСАТ

# БакIалъул нухмалъулел халкъалде гIагарлъизе ккола

### Пачалихъияб Думаялъул депутат Юрий Левицкий гIахьаллъана «Цогояб Россия» партиялъул Генералияб Советалъул данделъиялда

**Россиялъул Федерациялъул Федералияб Собраниялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат, «Цогояб Росссия» партиялъул регионазда гьоркьосеб координационнияб Советалъул нухмалъулесул заместитель Юрий Левицкий гIахьаллъана партиялъул Генералияб Советалъул данделъиялда. Гьеб тIобитIана Москваялда 2017 соналъул 18 июналда.**




Данделъи рагьулаго, «Цогояб Россия» партиялъул Генералияб Советалъул секретарь, Пачалихъияб Думаялъул председатель **Сергей Неверовас** цIалана партиялъул председатель Дмитрий Медведевасул «Цогояб Россия» партиялъул Генералияб Советалъул членазде барки. Данделъиялда гIахьаллъаразда бицана улкаялъул цо-цо регионазда «Цогояб Россиялъул» рищиязул ккарал хIасилал. Гьес абуна партиялъул масъалалъун кколин гьаб соналъул 10 сентябралда, гьаракь кьеялъул цогояб къо, рукIине ккролел къагIидаби цIунун, тIобитIи. Партиялъ хьаравуллъиялде росизе кколин 15 июналда РФялъул Президент В. В. Путинилгун букIараб гара-чIвариялъул заманалда рорхарал масъалаби ва тIадкъаял. Президентасе халкъалъ кьолел суалазухъ гIенеккараб мехалъ, бихьулеб буго бакIазда нухмалъулез халкъалъулгун ракI рагьараб гара-чIвари гьабулеб гьечIолъи. Жинда тIадаб хIалтIудехун щивав чи тIалабагъазагун валагьизе ва гьелда тIад ургьизе ккола», - ян абуна Сергей Неверовас.

Данделъиялда «2017 соналъе, 2018 ва 2019 соназул пландолжалалъе Федералияб бюджеталъул хIакъалъулъ» Федералияб законалда хиса-басиял гьарулаго, «Цогояб Россия» партиялъул аслияб цебехъанлъиялъулаб кIваралъул хIакъалъулъ» доклад гьабуна Пачалихъияб Думаялъул «Цогояб Россия» фракциялъул нухмалъулев, Пачалихъияб Думаялъул председателасул заместитель Владимир Васильевас.

«Цогояб Россия» партиялъул проекталъул хIаракатчи-лъиялъул бицана Генсоветалъул секретарасул заместитель, Пачалихъияб Думаялъул депутат Ольга Баталиналъ. Партиялъ жакъа гIумруялде бахъинабулеб буго 25 проект. Гьел руссарал руго Президентасул Указал, Россиялъул Федерациялъул Федералияб Собраниялде гьесул ХитIабалъул пунктал, партиялъул рищиязда цересел тIадкъаял тIуразариялде.

**Нижер мухбир**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ, ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

# Министерствоялъ гIарац кьола лъимал роол лагеразде ритIизе

### Ресукъал хъизаназе – социалияб рахъкквей

**19 июналда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировасул нухмальиялда тIобитIана лъималаз роолилаб хIухьбахъи тIобитIиялда хурхараб суал гьоркьоб лъураб данделъи.**

Данделъиги рагьун, ГIабдулкъадировас абуна роолил бахъи гIуцIиялъе хIадурун буго кIвар бугел тадбиралги рихьизарун план. ГIуцIизе ккола хIухьбахъи гьабулеб бакIалдеги гьениса нахъеги рачин чIобого. КIалъазе вахъарав районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Сулаймановас** абуна: «Цо-цо умумуз жидерго лъималазе роолил хIухьбахъи



каникулазул заманалда лъималазе хIухьбахъи гIуцIи жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIи ккодилан, лъимадуе хIинкъи гьечIолъи ва эбел-инсуе рекIее парахалъи букIинабиялъе пайдаяб бугилан.

Лъималазул роолил хIухьбахъи гIуцIиялде кIвар кьоларо. Ресукъал хъизабазе социалияб рахъкквей букIинелъун, лъимал къватIахъ свердичIого, гьез гIадлухвеял гьаричIого рукIинелъун, лъайкьеялъул отделалъ, гIолилазул политикаялъул ва спорталъул комитеталъ хIалтIи гIуцIулеб буго лъималазе роолил хIухьбахъи ва сахгьари гIуцIиялъе. Лъайкьеялъул учреждениязул умумузухъе щвезабун буго хIажатаб информация. Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъ кьолеб буго 7-15 сон барал лъималаз 21 къоялъ хIухьбахъарал ва сахлъи щула гьабурал учреждениязе путевкаялъухъ кколеб гIарац.

Гьоркьоб лъураб суалалда хурхун гьединго кIалъазе рахъана районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадов,** районалъул администрациялъул саназде рахинчIезда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул рахъалъ специалист **МухIамад Зубаиров,** культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул политикаялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель **НурмухIамад МухIамадов.**

**«Гумбет» РИО**

АВЛАХЪАЛ ХАРИЛ ЦIУРАБ, ХЪУТАБИ ГIИЯЛ ЦIУРАБ

# СПКяз – 902, фермераз – 950

**- Бабаюрталъул зоналда ругел бакълъулазул СПКязул хъутабазда, исана гьава-бакъалъул рахъалъ санагIалъи гьечIел шартIал рукIиналъ, гIаммаб гIи-боцIуе рагIи-хер хIадуриялъе квалквал кколеб буго, - ян бицана районалъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас.**

Бугониги СПКязул нухмалъулез хIаракат бахъулеб буго, щибаб роцIараб къоялдасан пайдаги босун, хасалоялде гIаммаб гIи-боцIуе рагIи-хералъул нахърател букIинабизе.

23 июналде СПКяз хIадурун буго 902 тонна харил. ГIадамаз жалго бетIергьанаб гIи-боцIиялъе хIадурун буго 950 тонна. Кинабниги гьеб ккола 1852 тонна. Гьелдасан «Мехельтинский» СПКялъ – 180, Аргъвани Шамилил цIаралда бугеб СПКялъ – 170, «Тляратинский», «Цилитлинский» СПКяз щибалъ 150, «Щабдухский» СПКялъ – 112, «Данухский» СПКялъ – 80, «Цундинский» СПКялъ – 60 тонна.

Росдал магIишаталъул производственниял кооперативаз (СПКяз) ва гIадамаз жалго бетIергьанаб гIи-боцIиялъе хасалоялде хIадуризе ккола кинабниги 19000 тонна харил.

**ГIайшат Исламбиева**

2017 СОН - КАСПИЯЛЪУЛ ЛЪАГIЕЛ

# «Нилъер гIоразе ва лъаразе-рацIцIалъи» акция

**2017 сон Дагъистан Республикаялда лъазабун буго Каспиялъул лъагIеллъун. Республикаялъул тIабигIиял сурсатазул Министерствоялъул ахIиялъул рахъги ккун, 20 июналда Гумбет районалда тIобитIана «Нилъер гIоразе ва хIоразе-рацIцIалъи» абураб акция.**

ГIандигIорул ва ЛъаратIа лъаралъул рагIаллъаби рищникъулалдаса рацIцIад гьаризе субботник тIобитIана. Гумбет районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIмановас** абуна цIикIкIараб къадаралда Игьали, Гьоркь Инхо, ЧIиркъатIа, Килалъ, ЛъаратIа, ТIад Инхо, ЧIикь росабалъа гIадамалги рахъун, гIорул, лъарал рагIаллъаби, гьенибе лъим чвахулел кIкIалал рищни-къулалдаса рацIад гьарунин.

Цо гьеб къоялъ гурелги тIоритIулел руго цIалдохъабиги, росдал гIадамалги гIахьаллъун субботник. ХIисабалде босун буго хадуркунги тIоритIизе ва сверухъ бугеб тIабигIат цIуниялъе, Каспий ралъдалъе чвахулел лъинал рацIцIад чIезариялъе хIалтIи гьабизе.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БАСМА-БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ТАРИХ. «ГУМБЕТ» ГАЗЕТАЛЪ 65 СОН ТIУБАЯЛДЕ

**«Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур», «Гумбет» газетазда кIвар бугел, магIна гъваридал макъалаби къватIире кьеялъулъ хIаракатаб гIахьаллъи гьабурал мухбирзаби**



МелъелтIаса Сахратула МухIамадов



ЧIиркъатIаса КъумахIажи Шихмирзаев



Гъоркь Инхоса ГIумардибир МухIамадов



Игьалиса Сулайман Расулов

# Риидал гьабичIони, хасало батуларо, цIияб ицц, ясли-ах, КБОялъе заказал, «ТалихI» клуб рагьи...

**38 сон цебеккун щиб хъвалеб букIараб Гумбет районалъул «Вождасул васиятал» газеталда**

### Щварал ниж ЧIиркъатIе

Щварал ниж ЧIиркъатIе, бихьараб нижеда гIи-боцIул ферма.

- Ассаламу гIалайкум!
- ВагIалайкуму салам!
- Чураби щай боцIуе гьарурарел?
- ЦIул гьечIого.
- ГIачи щай руснада рухьунарел?
- Рухьине рахсал гьечIого.
- Щиб нужее цойги гIолареб жо?
- Камун йиго 2 доярка.
- Цойги?
- ГIолев гьечIо 2 цIанавехь.
- Чан хIайван фермаялда бугеб?
- 325.
- ЦIе?
- 2400
- Хер бугищ?
- Колхозалда дагьав цеве тана цIияв председатель. Гьес Гьизляралдаса лъаларо, киса лъаларо, хасел бакьулъ бичун босун росулъе рехулеб буго рагIи-хер.

Цебе буго хасел, хадуб буго их. Риидал гьабичIони, хасало батулароян рорхалъабазда чIичIилел руго хIанчIи.

- ХIанчIи мекъе гьечIо. ТIасияб соналъниги цо-цо колхозазе нухмалъи кьолел кантIизе ахIдолел хIанчIи руго гьел, - ян абуна нижеде цеверсев колхозчи ГI. ГIабдулаевас.

**И. Зайнудинов**

### ЦIияб ицц

Аргъвани росдал цо авалалда захIматчагIазе кьварилъи букIана иццул. Гьеби хIисабалде босун росдал Советалъ цIияб иццул рукъ базе хIукму гьабуна. Гьеб баялда жигаралда хIалтIана ХI. НурмухIамадов, ХI. МухIамадов, М. МухIамадтIаминов ва гь. ц.

Гьеб хIалтIудаса росдал захIматчагIи рази руго. Ицц баялъ рес кьезе буго лъим цIезе захIматчагIи рикIкIаде хьвадизе ккечIого ва гIемер заман гIадада хвечIого букIиналъе.

**И. Ибрагьимов**

### Килалъан хъвалеб буго

Килалъ гьоркьохъеб школалда хIалтIулеб буго радиоузел. Гьенисан зама-заманалда кьола цIалдохъабазе тарбия кьеялъул темаялда передачаби, гьарула гара-чIвариял. Гьединал темабигун кIалъазе рахьуна школалъул учительзаби. Гьединго кIалъазе рахьуна цIалул церехъаби, бицуна комсомолъцазулгун пионеразул организациязул хIалтIул. Микрофоналдасан зама-заманалда кьола концерталги. Разиго рукIуна цIалдохъаби ва умумул гьел тадбираздаса.

**З. Чергесова**

### Учительзабазул жигаралдалъун

Игьали росдал Бекьхва магIарда кIудияб кьварилъи букIана боцIуе гьекъезе лъим гьечIолъиялъ. Гьеб хIисабалде босун росдал гьоркьохъеб школалъул учительзаби дагьал цересгIан кьоязда гьенире ана ва гьабуна 3 батIияб бакIалда боцIуе лъим гьекъезе санагIатаб бакI, къачIана иццал. Гьеб ишалда цогидазе мисал бихьизабун хIалтIана учительзаби М-Х. ХIажимурадов, М. ХIасанов, М-С. МухIамадов, ГIумархIажиев, Д-М. Шагьбазов ва цогидалги.

Учительзабазул жигараб хIалтIудаса росдал гIадамал разиго руго.

**С. Расулов**

### ГIи-боцIухъабазул хIаракат

Данухъ росдал «БагIараб байрахъ» колхозалъул гIи-боцIухъабаз гьабураб хIаракатаб хIалтIул хIасилалда араб соналдаса исана цIикIкIун щвана бачал ва кьагIи. Масала, гьаб соналъул тIоцебесеб маялде магIишаталда букIана 84 бече ва 1206 кьегIер, яги араб соналъул гьебго заманалде цIунун рукIаразда бачал 35, кьагIи 104 бетIералъ цIикIкIинарун руго.

ГIи-боцIухъабаз рагIи кьун буго щибаб 100 эбелалда хадуб 90 бече ва 90 кьегIер цIунизе.

**И. ГIизраилов**

### Ясли-ах рагьана

Колхозалъул сезонниял хIалтIабазде гIисинал лъимал ругел колхозруччаби рахьиналъе кIудияб квербакъи гьабула ясли-ахал рагьиялъ. Гьеб рахъалда бецIизесеб хIалтIи гьабулеб буго Циликь росдал Ленинил цIаралда бугеб колхозалъул правлениялъ. Рехсараб колхозалъул Тугъан гъутаналда рагьун буго сезонниябе ясли-ах. Гьениб буго 22 лъимер. Лъималазе ясли-ахалда чIезарун руго санагIатал шартIал. Гьезие тарбия кьолеб буго Шагьар ГIисаевалъ, Загьра Гьайирбеговалъ.

Яслиялда жидерго лъималги тун колхозруччаби гьираялда хьвадула гIаммаб магIишаталъул хурулал хIалтIабазде.

**А. ГIумаров**

### КБОялде заказал кье

Районалъул КБОялъул хIалтIухъабаз цо къадаралъул кIвар кьолеб буго захIматчагIазул рукIарахьиналъул хъулухъ гьаби лъикI гIуцIиялде. Гьединаздасан цоявлъун ккола МелъелтIа хIалтIулев хьитазул устар А. ХIажиев, цIулал устарзаби ЧIиркъатIаса ХI. МухIамадов, Аргъваниса М-М. Сулейманов, Игьалиса махх регьолев чи Г. Шапиев, пахьул къубдул МелъелтIаса ХI. Булачов, ИчичIалиса ГI. Алхасов, Д. СагIдулаев ва цогидалги.

Гьеб гуребги КБОялъ къабул гьарулел руго гIеретI, гулгун, сетка, хьитал, ретIел гьабизе заказал. Гьединго КБОялде щвезаризе бегьула къачIазе телевизорал, радиоприемникал. Гьел нижехъе щвеялъе кьола документ, къачIала гарантийнияб заманги бихьизабун.

**М. Дайитмирзаев**

### Сайгъатал кьуна

Общественнияб гIи-боцIуе хасалоялде рагIи-хералъул нахърател гьабиялъул ишалде кIвар кьураб хIалтIи гьабулеб буго ТIаса Гьарадирихъ росдал № 2 бригадаялда. Жигаралда хIалтIулел руго бригадаялъул членал силос лъеялда. Гьанжеялде гьениб лъун буго 30 тонна силосалъул. Силос лъеялда цогидазе мисал бихьизабун хIалтIана А. МухIамадов, Х. ГIарабова. Гьезул захIмат кIодо гьабун колхозалъул правлениялъ гьезие кьуна гIарцулал сайгъатал.

**М. ХIасанов**

### Гъоркь Инхобги рагьана

Гьал кьоязда Гъоркь Инхо росдал культураялъул рокьоб кIудияб чIаголъи букIана. Кьаси сагIат анкьо тIубараб мехалда клубалъул зал занкIун цIун букIана гьенире рачIарал руччабаз. Гьениб рагьана «ТалихI» абураб клуб. КПССалъул райкомалъул руччабазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул отделалъул заведующая З. Абакаровалъ бицана «ТалихI» абураб клубалъул гIуцIиялъул ва гьелъул кIвараалъул. Бищана президиум, гьелъул председательлъун йищана руччабазул Советалъул председатель Къ. СултIанова. Клубалъул тIоцебесеб занятиялда кIалъазе рахьана Х. МухIамадкамилова, Н. Бегиева. Ахиралда гъваридаб магIнаялъул кIалъай гьабуна КПССалъул райкомалъул секретарь П. СагIидовалъ.

**Ю. ХIажиев**

**ХIадурана Къурмагьиз ХIадисовалъ**

ТIИБ

# Медикияб хъулухъалъул макъам борхизелъун

**Сахлъи цIуниялъул хIалтIухъабазул форумалда гIахьаллъана Гумбет районалъул вакилзабиги**

**МахIачхъалаялда Гьудуллъиялъул рокьоб 15 - 16 июналда тIобитIараб сахлъи цIуниялъул хIалтIухъабазул форумалда гIахьаллъана Гумбет районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтур МухIамад СайгидахIмадов ва бетIерал специалистал. Гьеб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировасги.**



Дагъистаналда гьединаб форум тIоцебесеб нухалъ тIобитIана ва гьелъул хIалтIулъ гIахьаллъи гьабуна Россиялъул батIи-батIиял букIназдаса экспертаз, гIалимзабаз, тохтурзабаз, фармацевтаз. Форумалда гьоркьор лъуна Дагъистаналда сахлъи цIуни цебетIеялъул бугеб хIалалъул хIакъалъулъ ва цогидалги суалал. ГIахьаллъараз бицана регионазда медицинаялъул учреждениял кадрабаздалъун хьезариялъул, халкъалъе гьабулеб медицинаялъул хъулухъ лъикIлъизабиялъул рахъалъ церечIарал масъалабазул. Суалал рорхана байбихьулаб медикиябгун санитарияб кумекалъул даража борхизабиялъул хIакъалъулълги.

**«Гумбет» РИО**

БАРКУЛА

# ЦIиял хъулухъалги цIиял хъулухъчагIиги

**Шамил ГIалиев**



**Гумбет районалъул МелъелтIа росулъ 1980 соналъ гьавуна Шамил ГIалиев. ЛъугIизабуна гIагараб росдал гьоркьохъеб школа. 1997 соналъ цIализелъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб халкъияб магIишаталъул институталде ва 2002 соналъ менеджментасул махщел щвана.**

2004 соналъул январалдаса 2006 соналъул март моцIалде щвезегIан хIалтIана Гумбет районалъул администрациялъул субсидиязул отделалъул специалистлъун, гьелдаса хадув – «Служба субсидий» МБУялъул нухмалъулевлъун. 2016 соналъул маялда гьеб идараги къан, хIалтIудаса гIодов чIана.

2017 соналъул апрелалда тана «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул росабазул поселениязул администрациязулгун хIалтIул рахъалъ бетIерав специалистлъун. Гьебго моцIалъ хIалтIизе тIамуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул коррупциялда данде къеркьеялъул суалазул рахъалъ кумекчилъун.

**Расул Даитбегов**



**1976 соналъ ЦIумада районалъул Агъвали росулъ гьавуна Расул Даитбегов. 9 класс лъугIизабуна МахIачхъалаялъул № 9 школалда 1991 соналъ. Гьебго соналъ цIализе лъугьана МахIачхъалаялъул гидромелиоративияб техникумалде ва гьеб лъугIизабуна 1995 соналъ.**

Россиялъул армиялда хъулухъ гьабуна 1995-1997 соназ. Гьениса тIад вуссун хадув хIалтIизе лъугьана Гумбет районалъул жанисел ишазул отделалде. ТIуразаруна оперативияв дежурниясул, СОГалъул взводалъул командирасул, участковияв инспекторасул хъулухъал. 2008 соналъ Россиялъул МЧСалъул Гумбет районалда бугеб ОГПИялъул нухмалъулевлъун тана ва жанисеб хъулухъалъул майорасул цIаргун пенсияльде ана. 2011 соналъ хIалтIизе лъугьана «Россельхозбанкалъул» МелъелтIа бугеб офисалда хIинкъигьечIольи цIуниялъул хъулухъалъул специалистлъун. Офис къан хадув хIалтIудаса гIодов чIана.

2017 соналъул анлъабилеб июналда тIамуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул терроризмалда дандечIараб комиссиялъул бетIерав специалистлъун.

ДОКУМЕНТЫ

## Итоги дополнительных выборов депутатов собрания муниципального образования «Село Ингиши» пятого созыва 18 июня 2017 года

В соответствии с п.8 статьи 78 Закона РД "О муниципальных выборах в РД" ИКМО село Ингиши, Гумбетовский район, Республика Дагестан решила:

признать избранными депутатами:

**Абдулкадиров Мурад Насрудинович**
**Ахкубегов Апанди Ханмагомедович**
**Миматулаев Гаджи Абдулшайхович**

**Председатель УИК Курамагомедов Б. М.**
**Секретарь Абдулкадирова А. С.**

## Оперативно-профилактическая операция «Должник»

**С 19 по 28 июня 2017г. на территории Гумбетовского района будут проводится оперативно-профилактические мероприятия, направленное на добровольное погашение гражданами задолженностей по административным штрафам, наложенным должностными лицами ОМВД.**

Граждане, не уплатившие в установленный закон срок административный штраф, будут привлечены административной ответственности по ч.1.ст. 20.25 КоАП РФ.

Ст.20,25.ч. 1 КоАП РФ влечет наложение административного штрафа в двукратном размере суммы неуплаченного административного штрафа, но не менее 1000 рублей, либо административный арест на срок до 15 суток, либо обязательные работы на срок до 50-ти часов.

Призываем граждан своевременно оплатить административный штраф.

**Зулпар Магомедов,**
**и.о. начальника ОМВД России по Гумбетовскому району,**
**капитан полиции**

ПОПРАВКА

В опубликованном в районной газете «Гумбет» от 2 января 2017 г., № 1 (6520) кадастровом номере пункта 1.1 Постановления администрации сельского поселения «Сельсовет "Игалинский"» от 27.12.2016 г., № 31 «О выставлении права аренды земельного участка на аукцион» имеется опечатка.

Считать правильным кадастровый номер 05:25:000035:744.



**ЧIиркъатIа бугеб Тахо-Годил цIар кьураб республикаялъулаб музеялъул филиалалъул алатал**

СОЦИАЛЬНАЯ ПОЛИТИКА

# Государственная забота - инвалидам

**В целях повышения уровня занятости инвалидов, проживающих на территории Гумбетовского района, Центр занятости населения и администрация МР «Гумбетовский район» 29 июня 2017 года проводят специализированную ярмарку вакансий для инвалидов в актовом зале отдела образования района.**

К участию на ярмарке вакансий приглашаются работодатели: учреждения, организации, предприятия, индивидуальные предприниматели, имеющие возможность предлагать работу для инвалидов и инвалиды, ищущие работу.

На ярмарке вакансий работодатели и ищущие работу инвалиды смогут получить консультацию от специалистов Центра занятости населения по интересующим вопросам, а также получить буклеты, стикеры, флаеры по теме трудоустройства и обеспечения занятости работой инвалидов.

По интересующим вопросам по проведению ярмарки вакансий, могут обратиться по телефонам: 8(272)26239; 8(272)26369; 89280471947.

**ЦЗН Гумбетовского района**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# Дуца гьудуллъун ккве квер гIатIидаб «Гумбет» газета

**Подписка – 2017 (кIиабилеб бащдаб лъагIел)**

**ХIурматиял районцоял! Унеб буго 2017 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие нилъерго районалъул «Гумбет» газета хъвай. Гьеб хъвазе бегьула почалъул отделенияздасанги «Гумбет» газеталъул редакциялдасанги.**

**ХIурматиял росабазул поселениязул бутIрул, газета цIалулел! Бокьилаан 2017 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие «Гумбет» газеталъе подписка гьабиялъулъ нужеца хIаракат бахъани.**

**Газеталъул багьа: почалдасан – 199,86 гъурущ, редакциялдасан – 100 гъурущ.**

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**


БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияв секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул кватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъорк
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1330
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144


Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.